**दिन–रविवार** **दिनांक–19.10.2025**

प्रसार भारती
(भारत का लोक सेवा प्रसारक)
प्रादेशिक समाचार एकांश
आकाशवाणी, पटना

प्रसारणः–शाम 06:25 बजे सँ अवधिः–05 मिनट

---

बिहार विधानसभा चुनावक दोसर चरण लेल एक सय बाइस निर्वाचन क्षेत्र मे नामांकनक काल्हि अंतिम तारीख अछि। दोसर चरणक चुनाव मे प्रदेशक बीस जिला मे एक सय बाईस विधानसभा क्षेत्र मे एगारह नवंबर के मतदान कराओल जायत। दोसर चरण लेल प्रत्याशी तेईस अक्टूबर धरि अपन नाम वापस लऽ सकैत छथि। एम्हर, पहिल चरणक चुनाव लेल एक सय एक्कैस विधानसभा क्षेत्र मे नामांकन वापस लेबाक काल्हि अंतिम दिन रहत। भाजपा आ जदयू चुनाव प्रचार मे अपन स्टार प्रचारक सभ के लगा देलक अछि। दिवालीक बाद चुनाव प्रचार मे आओर तेजी हेबाक संभावना अछि।

---

भाजपाक वरिष्ठ नेता आ प्रधानमंत्री नरेन्द्र मोदी चौबीस अक्टूबर के बेगूसराय आ समस्तीपुर मे चुनावी जनसभा के संबोधित करताह। पार्टीक प्रदेश अध्यक्ष दिलीप जायसवाल जनौलनि जे प्रधानमंत्री जननायक कर्पूरी ठाकुर के श्रद्धांजलि देताह, तकर बाद जनसभा के संबोधित करताह।

---

विधानसभा चुनावक पहिल चरणक नामांकन पत्रक जाँचक काज पूरा भऽ गेल। प्रमुख उम्मीदवार मे मढ़ौरा सँ लोजपा रामविलासक प्रत्याशी सीमा नामांकन रद्द कऽ देल गेल अछि। दरभंगा जिलाक दस विधानसभा क्षेत्र मे एक सय पैंतालीस उम्मीदवार नामांकन कयलनि, जाहि मे तेरह उम्मीदवारक नामांकन जाँचक बाद अस्वीकृत कयल गेल। जिलाक दसो विधानसभा क्षेत्र मे कुल एक सय बत्तीस उम्मीदवारक नामांकन वैध पाओल गेल। दोसर दिस पहिल चरण लेल अठारह जिलाक एक सय एक्कैस विधानसभा सीट लेल एक हजार छओ सय अंठानवे नामांकन पर्चा भरल गेल छल। एहि चरण लेल छओ नवम्बर के मतदान होयत।

———————————————————————————

चुनाव आयोग केन्द्रीय पर्यवेक्षक लोकनि सँ कहलक अछि जे बिहार मे संपूर्ण चुनाव प्रक्रिया पर कड़गर नजरि राखथि, ताकि पारदर्शी, स्वतंत्र आ निष्पक्ष चुनाव सुनिश्चित कयल जा सकय। आयोग एक बयान मे कहलक जे ओ बिहार मे आगामी विधानसभा चुनावक पहिल चरणक मतदान लेल एक सय एक्कैस सामान्य पर्यवेक्षक आ अठारह पुलिस पर्यवेक्षक तथा दोसर चरण लेल एक सय बाईस सामान्य पर्यवेक्षक आ बीस पुलिस पर्यवेक्षक बहाल कयलक अछि। हिनका लोकनि के निर्देश देल गेल अछि जे ओ राजनीतिक दल, उम्मीदवार आ मतदाताक शिकायतक समाधान लेल उपलब्ध रहथि।

———————————————————————————

बिहार विधानसभा चुनाव मे महागठबंधनक घटक दलक मध्य सीट शेयरिंग के लऽकऽ विवाद आओर बढ़ि गेल अछि। पहिल चरणक नामांकन समाप्त भेलाक बाद कतेको सीट पर कांग्रेस, राजद, वीआईपी आ वाम दलक उम्मीदवार एक दोसरक विरूद्ध चुनावी मैदान मे छथि। कांग्रेस पार्टी महागठबंधनक चुनाव संबंधी समन्वय समितिक अध्यक्ष आ राजद नेता तेजस्वी प्रसाद यादव सँ गतिरोध समाप्त करबाक अपील कयलक अछि। एम्हर, राजद नेता मृत्युंजय तिवारी कहलनि जे गठबंधनक दल सभक मध्य सीट बंटवारा पर कोनो विवाद नहि अछि। ओ कहलनि जे महागठबंधनक सभ दलक शीर्ष नेता बैसि कऽ एहि मुद्दा के सुलझा लेताह।

———————————————————————————

काल्हि दिवाली मनाओल जायत। दिवाली के लऽकऽ मिथिलांचल समेत संपूर्ण प्रदेश मे उत्साहक माहौल बनल अछि। दीयाबातीक पर्व दिवालीक पूर्व आइ छोटी दिवाली मनाओल जा रहल अछि। परम्पराक अनुसार आजुक दिन गृहणी लोकनि सुतय सँ पहिने अपन घर सँ यमदीप निकालैत छथि। यमदीप निकालबाक संगहि यम के घर सँ बाहर कऽ लक्ष्मी के अयबाक हेतु आह्वान कयल जाइत अछि। दिवाली के लऽकऽ हाट–बाजार मे रौनक बनल अछि। चौक–चौराहा पर सजल दोकान पर लक्ष्मी–गणेशक मूर्ति, दीप, पूजन सामग्री कीनबाक लेल भीड़ देखल जा रहल अछि। दरभंगा जिलाक पघारी आ नवादा गाम मे परम्परा अनुसार आइए एक दिन पूर्व दिवाली मनाओल जा रहल अछि। ओम्हर, दिवालीक पूर्व संध्या पर अयोध्या मे आइ भव्य दीपोत्सवक आयोजन कयल गेल। दीपोत्सव मे छब्बीस लाख एगारह हजार एक सय एक दीप प्रज्जलित कऽ नव गिनीज वर्ल्ड रिकॉर्ड बनाओल गेल।

———————————————————————————

रेलवे पावनिक एहि मौसम मे बिहार आ उत्तर प्रदेश सहित उत्तर भारतक विभिन्न स्थान लेल सत्रह सय सँ बेसी विशेष ट्रेन चला रहल अछि। एकर उद्देश्य दिवाली आ छठि पूजा मे यात्री लोकनि लेल सुगम आ आरामदायक यात्रा सुनिश्चित करबाक अछि।

———————————————————————————

प्रदेशक मौसम धीरे–धीरे बदलि रहल अछि। मौसम विज्ञान केन्द्रक अनुसार अगिला सप्ताह सँ ठंडा मे वृद्धि हेबाक संभावना अछि। ला–नीनाक कारण एहि वर्ष ठंडाक मौसम बेसी दिन रहत। विभागक अनुसार अगिला पांच दिन मे प्रदेशक अधिकांश भाग मे अधिकतम आ न्यूनतम तापमान मे कोनो विशेष परिवर्तन हेबाक संभावना नहि अछि।

———————————————————————————

समाप्त भेल